

Unoda Kuzova Ani?

Vadzidzi vachaongorora kuti zvavanoita vari paindaneti uye zvavanoisa ipapo zvinobatana papi nezvinangwa zvavo (semuenzaniso maererano nebasa rekuzoita, dzidzo uye mitambo yavanoda kuzoita). Vachaongorora kuti vangachengetedza sei unhu paindaneti tichitarisa nyaya, nzvimbo iri kushandiswa, zita, mifananidzo uye masetin'i ezvakavanzika.

Zvekushandisa

Bepa Rezvandiri Paindaneti

Zvandiri Paindaneti

Nhaurirano

Udza Vadzidzi Vako

Ngatimboita miniti imwe chete tichifunga nezvekuti tinotaura sei nevanhu zvichienderana nekuti vanhu vacho ndivanani. Unogona kuita zvinhu zvakasiyana kana uine shamwari dzako pane kana uine vemumhuri mako kana vadzidzisi vekuchikoro. Unogonawo kuita zvinhu zvakasiyana zvichienderana nezviri kuitika zvacho kana kwauri — kana uine vekuchikoro zvingasiyana nezvaungaita uine shamwari idzodzo asi musiri pachikoro.

Udza Vadzidzi Vako

Tese zvedu tinochinja zvatiri zvichienderana nekuti tiri kupi uye kuti ndiani watinaye. Newewo unokwanisa kusarudza zvaunoisa paindaneti kuti zvionekwe neruzhinji, uye zvingava zvakana kana ukatanga kufunga nezvekuti vamwe vanhu vanokuona sei paindaneti.

Vanhu vane mukurumbira (vanoita zvemimhanzi / mafirimu / vezvematongerwo enyika, vakuru vemabhizimusi) vanoita izvi nguva dzose. Pavanonyatsogadzira zita ravo kuti vaonekwe zvakana neruzhinji, vachishandisa indaneti (mifananidzo, mavhidhiyo, mashoko akanyorwa) vanenge vachiedza kuti vateveri vavo vakawanda vavafarire.

Hazvidi hazvo kuti uve munhu ane mukurumbira ane mabhiriyoni nemabhiriyoni emadhura kuti uzvishambadze. Asi zvakangonakawo kufunga nezvekuti ndiani angave ari kuona zvauri kuita paindaneti woronga kuti uchaitei paindaneti mune remangwana.

Mutambo

Mutambo Wekirasi

Ronga vadzidzi muzvikwata zvevaviri vaviri.

Bvunza Vadzidzi Vako

Zvinhu zverudzii zvauri kunyora / kupa vamwe (mavhidhiyo, mimhanzi, mabhurogu, madhizaini, makatuni)?

Chii chinokutuma kunyora izvi kana kuzvipa vamwe? Nemhaka yei uchizviita?

Mashoko erudzii aunonyora uchishandisa zita rako nemufananidzo wako chaiwo?

Pane mamwe mashoko ausingadi kuti ruzhinji ruzive nezvako here? Uchiregererei?

Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi maminiti 7 ekuti vakurukure. Kumbira zvikwata kuti zvikurukure.

Bvunza Vadzidzi Vako

Tisati tataura zvaunoda kuzoita paindaneti mune remangwana, ngatitaurei zvaunoda kuzoita mune remangwana. Kurukura nemumwe wako: unoda kuzoitei uye kupi mumakore mashoma ari kutevera paunenge wakura, uye wakatanga kuva nepfungwa iyi zvaita sei? Hazvina kushata kuva nepfungwa dzakawanda kana kufarira mabasa ekuzoita akawanda.

Ndezvipi zvimwe zvinangwa zvaunazvo zvisinei nebasa raunoda kuzoita?

Ndezvipi zvaungaita paindaneti zvichakubatsira kuti uzadzise zvinangwa zvako izvi uye basa rauchada kuzoita?

Mapepa akanyorwa

Mutambo Wekirasi

Ipa vadzidzi Bepa Rezvandiri Paindaneti.

Udza Vadzidzi Vako

Zvaunoita paindaneti zvinogona kukubatsira kuziva zvinokunakidza zvokubatsira kuziva zvauchazoita mune remangwana.

Shandisa maminiti mashoma kuti unyore pabepa iri wofunga nezvekuti unoda kuzovei zvichienderana nezvauri kuita paindaneti pari zvino. Yeuka kuti zvinoitwa nemunhu paindaneti zvingasiyana, uye zvaunoitawo iwe zvingachinja zvichienderana nezvinangwa zvako uye zvauchafarira mune remangwana.

Basa Rekuita

Basa Rekuita

Udza Vadzidzi Vako

Iye zvino tataura nezvekuti unozviona uri papi mune remangwana nezvaunofarira, ngatifungei nezvekuti ungada kuratidza zvauri kuvamwe sei.

Fungidzira uchinyoresa paindaneti patsva uye une humwe unhu hwaunoda kuti hubude pachena. Unotanga kubva pamavambo, uye wakasununguka kuchinja masetin'i ese ezvakavanzika wonyora chero zvaunoda.

Ita zvekunyora ndima uchitsanangura kuti munhu uyu achange akaita sei kushamwari dzako nevaya vanokutevera. Tiri kuda kuti utaure zvinhu zvinotevera:

1. Rudzi rweakaundi uye painenge iri (panzvimbo yekukurukura nayo, bhurogu, nezvimwewo.)
2. Zvauchaisa ipapo (mifananidzo, mavhidhiyo, mashoko akanyorwa)
3. Ndezvipi zvauchanyora pachikamu chakanzi "Nezvangu"?
4. Uchashandisa mifananidzo yakaita sei?
5. Uchaisa masetin'i ezvakavanzika akaita sei? Pane masetin'i achaenderana nekuti uri kuda kunyora chii here?